



Pou Piblikasyon Imedya: 10/02/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE 39 PWOJÈ YO PRAL FINANSE ATRAVÈ FAZ DE ALYANS POU ENTEGRASYON EKONOMIK INISYATIV ANTI-POVRETE A

Alyans lan ap sipòte efò anti-povrete k ap fèt nan New York Santral la yo

Inisyativ lan gen pou objektif Jwenn solisyon pou povrete nan rejyon senk konte, jan sa ekri nan plan "CNY Rising" la - estrateji global rejyon an pou revitalize kominote yo epi devlope Ekonomi an

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo pral finanse 39 pwojè atravè Faz 2 Alyans pou Entegrasyon Ekonomik (Alliance for Economic Inclusion, AEI) inisyativ anti-povrete a ki koute 30 milyon dola nan New York Santral. Yo te fonde AEI a 2017, li konpoze ak yon gwoup ki gen 24 lidè kominotè ki soti nan senk konte New York Santral ki reprezante divèsite nan gouvènman, biznis, ak inivèsite ak travay rejyon an pou adrese opòtinite ak defi ekonomik ke kominote a idantifye yo. Konte Onondaga te administre inisyativ la avèk finansman ki soti nan Eta a, gen ladan plis pase 16 milyon dola pou sipòte pwojè nan Faz 2 yo.

"Administrasyon sa a pran povrete oserye epi li kontinye fè investisman estratejik nan tout New York ki ap dinamize kominote nou yo epi kreye opòtinite ekonomik", **Gouvènè Cuomo te deklare.** "Pwojè sa yo pral ede retire bayrè sou wout siksè ke anpil nan Nouyòkè ki pi vilnerab yo ap fè fas epi fasilite chanjman siyifikatif, pandan nou kontinye ap bati sou momentòm pozitif ke Central New York rising lan genyen an."

Yo finanse AEI atravè plan Inisyativ reyisi CNY Rising lan pou Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a (Upstate Revitalization Initiative) Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Economic Development Council, CNYREDC) la te soumèt apre yo te vin an chaj pou yo jwenn solisyon pou abòde povrete nan Konte Cayuga, Cortland, Madison, Oswego ak Onondaga. Estimasyon ki baze sou done popilasyon 2018 la yo montre 14.5 pousan, oswa 107,531, rezidan New York Santral ap viv nan povrete. To povrete a konsiderabman pi elve nan sant ki gen plis moun yo tankou Vil Syracuse.

Pwojè yo te bay sibvansyon yo kouvri yon gran varyete pwoblèm epi yo repati yo an sis kategori: Edikasyon Preskolè (Early-Childhood Education), Transpò, Devlopman Mendèv, Edikasyon Inivèsite (Post-Secondary Education), Revitalizasyon Katye yo ak Aksè ak Finansman pou Jèn Konpayi yo. Plis pase mwatye pwojè yo sibvansyone yo konsantre sou devlopman mendèv, ke enisfizans li rete yon baryè konsiderab ki anpeche moun soti nan povrete.

Pwojè Faz 2 yo chwazi yo gen ladan:

Patenarya Iben Syracuse (Syracuse Urban Partnership, SYRUP): SYRUP travay nan katye ki karakterize ak pi gwo konsantrasyon povrete epi li adrese disparite ekonomik ak inegalite yo nan bay aksè ak opòtinite biznis pou rezidan katye ki gen revni fèb yo, nan ede yo kòmanse ak fè fonksyone ti biznis nan kominote yo a. Objektif SYRUP la se bati richès jenerasyonèl epi vini chak jou lidè nan revitalizasyon katye yo a atravè yon apwòch kolaboratif. Ane En Bidjè: 253,000 dola/bidjè Total: 1,001,000 dola.

Sèvis Karyè OnPoint (OnPoint Career Services): Ofri sèvis karyè nan konte Oswego ak Cayuga, Sèvis Karyè pral etann òf estaj li yo pandan ane lekòl la ak pandan vakans ivè a, bati yon pwogram estaj ki reyisi te kòmanse an 2017. Ane En Bidjè: 333,333 dola/bidjè Total: 1,000,000 dola.

Pwogram Ekspansyon ak Estabilizasyon Konte Cortland Gadri pou Edikasyon preskolè: Pwogram lan pral bay fòmasyon ak kalifikasyon Diplòm Devlopman pou Timoun (Child Development Associate, CDA) nan Konte Cortland pou estabilize epi etann sistèm swen edikasyon preskolè (nesans jiska 5 ane). Ane En Bidjè: 280,659 dola/bidjè Total: 629,889 dola.

Hack Upstate - Karyè an Kòd (Careers in Code): Yon kan antrènman kodaj nan rejyon senk konte yo ki ansenye pwogramasyon òdinatè pou fanm ak minorite pou ede konbat povrete nan New York Santral. Bay etidyan yo konpetans teknik yo bezwen pou ede jwenn estaj ak djòb devlopman lojisyèl pou nivo debitan avèk anplwayè lokal yo apre 24 semèn aprantisaj. Ane En Bidjè: 299,384 dola/bidjè Total: 618,000 dola.

Yo te sibvansyone pwojè yo ki nan chak senk konte yo epi yo te distribiye yo konsa: Cayuga, de; Cortland, twa; Madison, kat; Onondaga, 22; ak Oswego, twa. Senk pwojè tou te konbine plizyè konte. Pousantaj lajan yo te distribiye a koresponn avèk kantite moun k ap viv nan povrete ki gen nan chak konte.

Pou yon lis konplè ki gen tout 39 pwojè yo te chwazi yo, klike [isit la](#).

30 milyon dola pou efò anti-povrete yo atravè AEI a konplete 20 milyon dola ke Leta a te deja akòde pou Fon Bousdetid Pwomès Syracuse nan Eta New York (New York State Syracuse Promise Scholarship Fund) ki bay bousdetid ak lekòl siperyè vil Syracuse.

Komisè Pwovizwa, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral yo nonmen pou Empire State Development lan, Eric J. Gertler te deklare, "Opòtinite ekonomik sèlman rive lè nou genyen yon patenarya solid ki angaje pou bay solisyon ki mache pou chak moun. Alyans pou Entegrasyon Ekonomik lan kontinye bay solisyon sa yo, atravè pwogram estratejik yo ki kreye yon wout solid pou siksè pou tout Nouyòkè santral".

Randy Wolken, Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Asosyasyon Fabrikan New York Santral (Manufacturers Association of Central New York, MACNY) la, ak Deborah Stanley, Prezidan State University of New York nan Oswego, ki se de Ko-Prezidan Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal New York Santral (Central New York Regional Economic Development Council) la te deklare, "Asire ke pwosperite ak egalite ekonomik se yon reyalye pou chak moun nan New York Santral

se yon priyorite pou Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal la. Atravè Alyans pou Entegrasyon Ekonomik lan konsèy la ak patenè Eta ak lokal nou yo, nou ap travay pou asire ke pwojè sa yo pral benefisye tout moun ki nan tout senk konte yo nan rejyon an, sa k ap kreye opòtinite pou tout moun".

Senatè Rachel May te deklare, "Alyans pou Entegrasyon Ekonomik ap fè bon travay nan New York Santral nan atake anpil baryè sila yo ki nan povrete ap fè fas. Investi nan opòtinite alontèm yo pou ede devlope biznis nan katye ak kominote nou yo se pi bon mwayen pou non sèlman ranvèse baryè sa yo devlope biznis ak bati richès jenerasyonèl. Patenarya Iben Syracuse ak lòt gwoup nan tout 53yèm distri a ap fè travay sa a, epi mwen rekonesan ak Eta a dèske li kontinye sipòte yo".

Manm Asanble William A. Barclay te deklare, "Sa yo se investisman enpòtan nan kominote New York Santral ki fonde sou efò pou retire moun nan povrete epi kreye opòtinite pou pwosperite. Avèk 30 milyon dola nan finansman, lidè kominotè yo ak ofisyèl lokal yo kapab ankouraje pwogram yo pou amelyore edikasyon preskolè, bay fòmasyon pwofesyonèl ak devlopman konpetans, epi ogmante potansyèl pou nouvo biznis devlope. Inisyativ sa yo kapab delivre èd imedyà pandan yo ap bay avantaj ke yo pral santi byen lwen nan lavni".

Manm Asanble Gary Finch te deklare, "Sa yo se efò sible, bon sans pou kreye opòtinite reyèl pou moun ki travay di yo. Mwen rekonesan pou investisman Eta a. Soti nan sipòte ti biznis rive nan pwomouvwa edikasyon preskolè, soti nan investi nan sektè teknoloji emèjan nou an rive nan etann pwogram estaj yo, sa yo se kalite solisyon ki prepare moun pou karyè siyifikatif epi bay echèl pou soti nan povrete epi pou antre nan klas mwayèn lan".

Manm Asanble Pamela Hunter te deklare, "Nan travay avèk lidè kominotè yo ak devlope pwogram ki endividyalize yo pou menm kominote sa yo, Alyans pou Entegrasyon Ekonomik Inisyativ Anti-Povrete a ogmante pwobabilite ke mezi anti-povrete sa yo pral efikas ak dirab. Pandan ke kantite pwogram yo nan konte Onondaga soulinye gwo to dispwopòsyonèl povrete nan zòn riral yo tankou Southside of Syracuse, li montre tou angajman nou pou mete fen nan povrete jenerasyonèl epi ede fanmi nou yo vini finansyèman endepandan atravè nouvo opòtinite".

Manm Asanble William B. Magnarelli te deklare, "Pwojè ki finanse nan faz Alyans pou Entegrasyon Ekonomik sa a gen chans pou ede kreye chanjman dirèk nan adrese inegalite ekonomik yo. Pwojè yo finanse yo se pwogram ki bay moun opòtinite pou aprann ak chans pou ranvèse sikonstans ki anpeche yo mennen yon lavi ki plis pwodiktif".

Manm Asanble Al Stirpe te deklare, "Youn nan gwo defi nou ap fè fas nan New York Santral se povrete jenerasyonèl. Finansman pou nouvo pwogram sa yo pral ede adrese defi sa a epi bay jenerasyon aktyèl la yon chans serye pou kase sik povrete sa a. Mwen patikilyèman kontan pou wè ke kalite pwogram ekstraòdinè, tankou Sèvis Karyè OnPoint ak SYRUP, ap resevwa sipò ki fondamantalman enpòtan sa a".

Chèf Egzekitif Konte Onondaga a, Ryan McMahon te deklare, "Jodi a make yon lòt pa an avan pozitif nan efò nou pou adrese povrete nan kominote nou an. Pandan ke nou santi nou ankouraje ak done emèjan resan yo, dènye faz AEI sa a pral san dout

ede nou bati pwogrè nou. Mèsi Gouvènè Cuomo ak ekip li a pou patenarya li nan efò sa a. Nan travay ansanm, nou ka asire ke povrete se jis yon moman nan tan pou yon moun epi pa yon mòd lavi".

Majistra Syracuse la, Ben Walsh te deklare, "Reyisi ede moun ak fanmi retire tèt yo nan povrete egzije koperasyon konsistan ak efikas ant gouvènman ak patenè kominotè yo. Alyans pou Entegrasyon Ekonomik lan bay estrikti ak resous pou akonpli kalite patenarya sa a. AEI te jwe yon wòl enpòtan nan ede vil Syracuse ak konte Onondaga fè pwogrè nan redwi povrete nan kominote nou an, epi nou remèsye Gouvènè Cuomo pou sipò kontini li".

Yo te kreye inisyativ AEI sa a ki konsantre l onivo rejyonal pou atake pwoblèm sante ak sekirite yo, asire lojman abòdab pou moun ki bezwen sa ak ogmante opòtinite pou karyè ak edikasyon teknik. Yo te bay inisyativ ki gen sèten karakteristik, tankou sa ki abòde chanjman sistèm lan yo, ofri solisyon ki pa koute twò chè epi ki ka adapte pou afekte anpil moun, kolaborasyon, patenarya ak/oswa solisyon ki baze sou tèt ansanm ak solisyon dirab ki pral egziste apre peryòd finansman an fini an yo priorite.

Depi nou te sibvansyone [premye faz](#) finansman AEI a, ki te akòde 6.9 milyon dola nan finansman chak ane, sou de ane, yo te egzekite anpil nan pwojè sa yo avèk siksè epi yo ap fè yon diferans nan kominote nou yo atravè New York Santral. Pandan ane pase a, konte Onondaga te òganize tou atelye teknik atravè rejyon an nan preparasyon pou nouvo faz sibvansyon sa a, avèk anfas yo mete sou aplikasyon ki ede adrese baryè transpò ke anpil moun ki viv nan rejyon nou yo ap fè fas. Aplikasyon yo te fèmen 13 septanm 2019, epi komite a te resevwa 72 soumisyon ane sa a.

Akselere CNY Rising

Anons jodi a ap konplemanete inisyativ "Central NY Rising" lan, ki se plan global rejyon an pou jenere kwasans ekonomik solid ak devlopman kominotè. Eta a te deja investi plis pase 6.3 milya dola nan rejyon an depi 2012 pou etabli fondasyon pou plan an – lè li kapitalize sou opòtinite mache global la yo, ranfòse espri antreprenarya epi kreye yon ekonomi enklizif. Jounen jodi a, chomaj la desann nan pi ba nivo li te ye depi avan Gwo Resesyon an; enpo sou revni pèsònèl ak antrepriz yo bese; epi biznis yo ap chwazi zòn tankou Syracuse, Oswego ak Auburn kòm destinasyon pou yo devlope ak investi.

Kounye a, rejyon an ap akselere inisyativ Central NY Rising lan gras a yon envèstisman 500 milyon dola Eta ap fè atravè Inisyativ Revitalizasyon Rejyon Nò Eta a, ke Gouvènè Cuomo te anonse nan mwa Desanm 2015 lan. Investisman 500 milyon dola Eta a pral ensite biznis prive yo investi plis pase 2.5 milya dola – epi plan rejyon an, jan yo soumèt li a, prevwa jiska 5,900 nouvo travay. Gen plis enfòmasyon ki disponib [isit la](#).

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)